# 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq Ónim (keyingi orınlarda -JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 13 051,2 mlrd. sumdi quradı hám 2021- jıldıń yanvar-iyun ayları menen salıstırǵanda 3,5 % ke ósdi.

JAÓ deflyator indeksi 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 111,0 % ti quradi.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓniń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,3 % ke jetti.



# 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń islep shiǵariw kólemi hám ósim pátleri

| | Mlrd. sum | | Ósim pátleri, Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|---|
| | 2021- jıl | 2022- jıl | |
| **I. JAÓ, jámi** | **11 352,0** | **13 051,2** | **103,5** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 10 283,3 | 11 756,8 | 103,5 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 1 068,7 | 1 294,4 | 103,8 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **10 283,3** | **11 756,8** | **103,5** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **1 896,6** | **2 137,0** | **103,2** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **4 173,5** | **4 604,8** | **101,7** |
| sanaat | 3 232,1 | 3 488,0 | 100,5 |
| qurılıs | 941,4 | 1 116,8 | 105,6 |
| **xızmetler** | **4 213,2** | **5 015,0** | **105,5** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 579,0 | 670,3 | 103,2 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 666,7 | 856,1 | 125,1 |
| basqa xızmetler | 2 967,5 | 3 488,6 | 101,5 |

Xalıqtıń jan basına islep shıǵarılǵan JAÓ 6 674,4 mıń sumdi qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,1 % quradı.

## 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi hám ósim pátleri

| | 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|---|
| ***Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ kólemi*** *mıń. sum* | 5 888,3 | 6 674,4 |
| ***Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓ,*** *ósim pátleri* | 108,3 % | 102,1 % |

Aymaq ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qunı (JQQ) kólemi ulıwma JAÓniń 90,1 procentin, Ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 9,9 procenti quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 18,2 % ti, sanaat tarawı 29,7 % ke qurılıs 9,5 % ti hám xızmetler tarawı 42,6 % ti quradı.

## 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2020- jıl* | *2021- jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 90,6 | 90,1 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 9,4 | 9,9 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **18,4** | **18,2** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **40,6** | **39,2** |
| sanaat | 31,4 | 29,7 |
| qurılıs | 9,2 | 9,5 |
| **xızmetler** | **41,0** | **42,6** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 5,6 | 5,7 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 6,5 | 7,3 |
| basqa xızmetler | 28,9 | 29,6 |

# 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

## 2021- jıl

| | |
|---|---|
| *Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı* | 18,4 |
| *Sanaat* | 31,4 |
| *Qurılıs* | 9,2 |
| *Xızmetler* | 41,0 |




## 2022- jıl

| | |
|---|---|
| *Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı* | 18,2 |
| *Sanaat* | 29,7 |
| *Qurılıs* | 9,5 |
| *Xızmetler* | 42,6 |




*Jalpı qosılǵan qunı*

*Ónimlerge bolǵan salıqlar*

JAÓniń ósimi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarawlarındaǵı unamlı ósim pátleri menen baylanıslı. Ósim pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 103,2 % (JAO‘nıń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 18,2 %), sanaatda – 100,5 % (29,7 %), qurılısta – 105,6 % (9,5 %), xızmetler tarawında – 105,5 % ti (42,6 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında Ósim pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 103,2 % (5,7 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 125,1 % (7,3 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar 101,3 % ti (29,6 %) quradı.

**2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri**

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te)*






JAÓ ósim pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 0,5 p.p. (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,01 p.p.), sanaat tarawı – 0,1 p.p. (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 4,7 p.p.) hám qurılıs tarawı – 0,5 p.p. (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 1,0 p.p.), xızmetler tarawı – 2,1 p.p. (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 3,3 p.p.) unamlı úlesin qostı. Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,3 p.p. (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 0,7 p.p.)ke ko'beydi.

**2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi**
*(jámine salıstırǵanda % te)*



2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ deflyatori indeksi 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında bahalarǵa salıstırǵanda 111,0 procentti quradı. JAÓ deflyatori indeksining eń joqarı kórsetkishleri xızmetler tarawı – 112,8 % hám qurılısda – 112,3 % boldı.

## 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi *(ótken jılǵa salıstırǵanda % te)*




## 2021-2022- jıllardiń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenniń úlesi JAÓniń úlesi *(jámine salıstırǵanda % te)*

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik subyektlerdiń JAÓdegi úlesi 49,7 %ti quradı (2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında – 49,7 %).

Kishi isbilermenlik subyektlerdiń JAÓdegi úlesi ótken jilga salıstırǵanda kemeyiwi yaki osiwi baqlanbadi.

| | |
|---|---|
| 2021- jıl | 49,7 % |
| 2022- jıl | 49,7 % |